


Kufa kwaJesu



**Tinomuda nokuti iye akatanga kutida.
1 Johani 4:19**

Kufa kwaJesu



**Tinomuda nokuti iye akatanga kutida.
1 Johani 4:19**

Mateo 27:33, 35-46, 50-54 - Kufa kwaJesu

33 Vakasvika panzvimbo inonzi Gorokota, (zvinoreva kuti Nzvimbo yeDehenya). 35 Vakati vamurovera pamuchinjikwa, vakagovana nguo dzake vachiita zvokukanda mijenya. 36 Uye vakagara pasi, vakamurinda. 37 Pamusoro pake vakaisa rugwaro rwemhosva yake rwaiti: “UYU NDIJESU, MAMBO WAVAJUDHA.”

38 Makororo maviri akarovererwawo pamwe chete naye, mumwe kurudyi mumwe kuruboshwe. 39 Vaya vaipfuura napo, vakamutuka vachidzungudza misoro yavo 40 uye vachiti, “Iwe uri kuzoputsa temberi uchizoivakazve mumazuva matatu, chizviponesa! Buruka pamuchinjikwa kana uri Mwanakomana waMwari!” 41 Nenzira imwe cheteyo, vaprasta vakuru, navadzidzisi vomurayiro navakuru vakamuseka vachiti, 42 “Akaponesa vamwe, asi haagoni kuzviponesa! Ndiye Mambo welsraeri! Ngaaburuke zvino pamuchinjikwa tigtotenda kwaari. 43 Anovimba naMwari ngaachimununura iye zvino kana achimuda, nokuti akati, ‘Ndiri Mwanakomana waMwari.’”

44 Nenzira imwe cheteyo makororo akanga arovererwa pamwe chete naye akamutukawo. 45 Kubva panguva yechitanhatu kusvika panguva yepfumbamwe rima rakavapo panyika yose. 46 Nenguva inenge yepfumbamwe, Jesu akadanidzira nenzwi guru achiti, “Eroi, Eroi, rama sabhakitani?” zvichireva kuti, “Mwari wangu! Mwari wangu, mandisiyireiko?”

50 Uye Jesu akati adanidzira nenzwi guru, akabudisa mweya wake. 51 Panguva iyoyo chidzitiro chomutemberi chakabvaruka napakati kubva kumusoro kusvika pasi. Nyika yakadengenyeka, uye mabwe akatsemuka. 52 Makuva akazaruka, mitumbi yavatsvene vazhinji vakanga vakafa ikamutswa kuupenyu. 53 Vakabuda mumakuva, uye shure kwokumuka kwaJesu vakapinda muguta dzvene uye vakaonekwa navanhu vazhinji. 54 Mukuru wezana navaya vaakanga anavo vakarinda Jesu, pavakaona kudengenyeka kwenyika nezvose zvakanga zvaitika, vakatya kwazvo, uye vakati, “Zvechokwadi, anga ari Mwanakomana waMwari!”

40-65 The Death of Jesus Poster

www.GodsPeopleStudy.org
Bible Verses are Shona:
Ndima dzomuBhaibheri muchishona
chakare

Mateo 27:33, 35-46, 50-54 - Kufa kwaJesu

33 Vakasvika panzvimbo inonzi Gorokota, (zvinoreva kuti Nzvimbo yeDehenya). 35 Vakati vamurovera pamuchinjikwa, vakagovana nguo dzake vachiita zvokukanda mijenya. 36 Uye vakagara pasi, vakamurinda. 37 Pamusoro pake vakaisa rugwaro rwemhosva yake rwaiti: “UYU NDIJESU, MAMBO WAVAJUDHA.”

38 Makororo maviri akarovererwawo pamwe chete naye, mumwe kurudyi mumwe kuruboshwe. 39 Vaya vaipfuura napo, vakamutuka vachidzungudza misoro yavo 40 uye vachiti, “Iwe uri kuzoputsa temberi uchizoivakazve mumazuva matatu, chizviponesa! Buruka pamuchinjikwa kana uri Mwanakomana waMwari!” 41 Nenzira imwe cheteyo, vaprasta vakuru, navadzidzisi vomurayiro navakuru vakamuseka vachiti, 42 “Akaponesa vamwe, asi haagoni kuzviponesa! Ndiye Mambo welsraeri! Ngaaburuke zvino pamuchinjikwa tigtotenda kwaari. 43 Anovimba naMwari ngaachimununura iye zvino kana achimuda, nokuti akati, ‘Ndiri Mwanakomana waMwari.’”

44 Nenzira imwe cheteyo makororo akanga arovererwa pamwe chete naye akamutukawo. 45 Kubva panguva yechitanhatu kusvika panguva yepfumbamwe rima rakavapo panyika yose. 46 Nenguva inenge yepfumbamwe, Jesu akadanidzira nenzwi guru achiti, “Eroi, Eroi, rama sabhakitani?” zvichireva kuti, “Mwari wangu! Mwari wangu, mandisiyireiko?”

50 Uye Jesu akati adanidzira nenzwi guru, akabudisa mweya wake. 51 Panguva iyoyo chidzitiro chomutemberi chakabvaruka napakati kubva kumusoro kusvika pasi. Nyika yakadengenyeka, uye mabwe akatsemuka. 52 Makuva akazaruka, mitumbi yavatsvene vazhinji vakanga vakafa ikamutswa kuupenyu. 53 Vakabuda mumakuva, uye shure kwokumuka kwaJesu vakapinda muguta dzvene uye vakaonekwa navanhu vazhinji. 54 Mukuru wezana navaya vaakanga anavo vakarinda Jesu, pavakaona kudengenyeka kwenyika nezvose zvakanga zvaitika, vakatya kwazvo, uye vakati, “Zvechokwadi, anga ari Mwanakomana waMwari!”

40-65 The Death of Jesus Poster

www.GodsPeopleStudy.org
Bible Verses are Shona:
Ndima dzomuBhaibheri muchishona
chakare